
# SIMBA ROKUMUKA KWAKRISTU



Chidzidzo 8 cha Myamavhuvhu 22, 2026


“ʋuye, ɗai Kristu asina-kumutswa, kuparidza kweɗu kuŋgaɗai kuciʋa pasina,
nokutenda kwenyu kuŋgaɗai kuciʋa pasina ʋo. . . . kana Kristu asina-kumutswa,
kutenda kwenyu hakunamaturo; muciri muȥiʋi ȥenyu!” (1 VaKorinte 15:14–17)



Maererano neuzivi hwechiGiriki—hwakavakirwa padzidziso dzaPlato—muviri, uyo une hunhu hwakaipa, ingori imba yemusungwa yemweya usingafi. Tichitarisa mafungiro aya, kumuka kwemuviri kwairevei kuvaGiriki kana kuvaRoma?

Nemhaka yeizvi, chikamu chesangano rekuKorinte chakaramba dzidziso yekumuka kwevakafa. Pauro anotaura nezvenyaya iyi muchitsauko chegumi neshanu chetsamba yake yekutanga kuvaKorinte.



Iyi haisi nyaya diki. Kumuka kubva kuvakafa kwakabatana zvikuru neruponeso. Kana pasina kumuka kubva kuvakafa... chii chinangwa chekuparidza vhangeri?

## Kumuka kwaJesu kubva kuvakafa

Kumuka kubva kuvakafa chiitiko chakaitika munhoroondo here? (1 VaKorinte 15:1-11)

## Migumisiro yerumuko rwaJesu

Ko dai Kristu asina-kumutswa? (1 VaKorinte 15:12-19)


Chii chinovimbisa kumuka kubva kuvakafa? (1 VaKorinte 15:20-34)

## Kumuka kwedu kuvakafa

Tichamutswa nemuviri wakaita sei? (1 VaKorinte 15:35-49)

Tichamutswa rinhi? (1 VaKorinte 15:50-58)

# KUMUKA KWAJESU KUBVA KUVAKAFA



# KUMUKA KUBVA KUVAKAFA CHIITIKO CHAKAITIKA MUNHOROONDO HERE?

"Nokuti pakutaŋga ndakakupai iȥo ȥandakagamucira ʋo, kuti Kristu wakafira ȥiʋi ȥeɗu, seȥakanyorwa paMagwaro; ʋuye kuti wakaʋigwa, akamutswa nezuʋa retatu, seȥakanyorwa paMagwaro" (1 VaKorinte 15:3-4)

Asati agadzirisa kukahadzika kwaiva nevaKorinte maererano nerumuko, Pauro anovayeuchidza nezvemashandiro evhangeri(1 VaKo. 15:1-2):

Inoparidzwa → Inogamuchirwa → Yomirwa nayo → Ruponeso rwowanikwa



Evhangeri ripi rinoparidzwa? (1 VaKo. 15:3-4)

Kristu wakafira ȥiʋi ȥeɗu → Kristu wakaʋigwa → Kristu akamutswa nezuʋa retatu




Uye tinoziva sei kuti kumuka kwaJesu kubva kuvakafa kwakaitika zvechokwadi munhoroondo? Ndiani akaona Jesu mushure mekunge amuka kubva kuvakafa? (1 VaKo. 15:5-8)


Petro nevane gumi nevaviri → Hama dzinopfuura 500 → Jakobo nevaapostora → Pauro "wakaȥarwa ŋguʋa isati yaşika"



Pauro anojekesa kuti Evhangeri ibasa raMwari rinoitwa "seȥakanyorwa paMagwaro." Kureva kuti, chirongwa chakatarwa kare icho kumuka kubva kuvakafa kune basa guru kwazvo mukati macho. Pane ane mubvunzo here? Ngaabvunze zvapupu zvaiva zvichiri zvipenyu panguva iyoyo!

# MIGUMISIRO YERUMUKO RWAJESU







# KO ƊAI KRISTU ASINA-KUMUTSWA?

"ʋuye, ɗai Kristu asina-kumutswa, kuparidza kweɗu kuŋgaɗai kuciʋa pasina, nokutenda kwenyu kuŋgaɗai kuciʋa pasina ʋo." (1 VaKorinte 15:14)



Kuramba mukana werumuko kunogadzira kusawiririrana nekutenda kwechiKristu, sezvo "ɗai pasinakumuka kwaʋakafa, naKristu uŋgaɗai asina-kumutswa ʋo" (1 VaKorinte 15:12-13). Uye kana Jesu asina kumuka...

- kuparidza kweɗu kuŋgaɗai kuciʋa pasina (1 VaKo. 15:14a)
- kutenda kwedu kuŋgaɗai kuciʋa pasina (1 VaKo. 15:14b) hakunamaturo (1 VaKo. 15:17a)
- Tiri zvapupu zvenhema(1 VaKo. 15:15)
- Ticiri muʐiʋi ʐedu(1 VaKo. 15:17b)
- Vakafa havazombofi vakadzokera kuhupenyu(1 VaKorinte 15:18)



Dai pasina kumuka kubva kuvakafa, Jesu angori munhu akarurama akaurayiwa pasina chikonzero, asi asingakwanisi kuponesa. "Asi ʐino Kristu wakamutswa kuʋakafa" (1 VaKorinte 15:20a) . Tine Muponesi MUPENYU.

Nemhaka yeizvi, Evhangeri ine musoro; kutenda kwedu kwakadarowo; tiri zvapupu zvakatendeka; zvivi zvedu zvakaregererwa; uye vakafa vari muna Kristu vachararama zvakare.



# CHII CHINOVIMBISA KUMUKA KUBVA KUVAKAFA?

**"Asi ʒino Kristu wakamutswa kuʋakafa, akaʋa ciɓereko cokutaŋga caʋaʋata"** (1 VaKorinte 15:20)



Chokwadi chekutanga chinosimbiswa nekumuka kwaJesu ndechekuti isu takagamuchira zano reruponeso – kubva kuna Adhamu kusvika kumagumo enyika – kana tikafa, tichamuka zvakare (1 VaKo. 15:20-23).

Chii chichaitika kana tamutswa? Nokukunda rufu, Jesu achange akunda vavengi vake vose ( 1 VaKo. 15:25-26 ). Ipapo, Jesu achaisa zvinhu zvose pasi paBaba,"kuti Mŋari aʋe ʒose kunaʋose" (1 VaKo. 15:24, 28).



Pamusoro pezvipikirwa izvi zveramangwana, Pauro anotipa zvipikirwa zviviri zvinobata hupenyu hwedu hwezuva nezuva:



1 VaKorinte 15:30-32

Zvakakosha kuparidza vhangeri, kunyange zvazvo zvichisanganisira kutambura kana njodzi.



1 VaKorinte 15:33-34

Zvakakosha kurarama hupenyu hunoenderana nemisimboti yeBhaibheri.

# KUMUKA KWEDU KUVAKAFA



# TICHAMUTSWA NEMUVIRI WAKAITA SEI?

"Ndiȥo ȥakaita ʋo kumuka kwaʋakafa. Muʋiri unodȥarwa pakuʋora; unomutswa pakusaʋora." (1 VaKorinte 15:42)

**Mienzaniso ine chekuita nemuviri wakamutswa kubva kuvakafa:**

**Miviri yezvirimwa (1 VaKo. 15:35-38)**

- Mbeu inodyarwa 
- Zviyo zvinokohwewa 
- Mŋari unoupa muʋiri paanoɗa napo 

**Miviri (1 VaKo. 15:39)**

- Miviri yevanhu 
- Miviri yemhuka 
- Miviri yehove 
- Miviri yeshiri 

**Miviri kudenga (1 VaKo. 15:40-41)**

- Kubginya kwezuʋa 
- Kubginya kwomŋedzi 
- Kubginya kwenyeredzi 
- Mumwe nemuwe ane kubginya kwake 


# TICHAMUTSWA NEMUVIRI WAKAITA SEI?

"Ndiȥo ȥakaita ʋo kumuka kwaʋakafa. Muʋiri unodȥarwa pakuʋora; unomutswa pakusaʋora."
(1 VaKorinte 15:42)

**Pane musiyano upi pakati pemuviri wazvino uno nemuviri wakamutswa?
(1 VaKo. 15:42-44)**

| Muviri wazvino uno | Muviri wakamutswa kubva kuvakafa |
|---|---|
| Unovora | Hauvori |
| Unoȥidzwa | Unokudzwa |
| Une ʋutera | Une simba |
| Muʋiri wokuƀerekwa | Muʋiri womŋeya |







dhamu aiva nemuviri wepanyika, asi Adhamu wechipiri [Jesu] aiva nemuviri wekudenga. Pakumuka kwevakafa, muviri wedu uchashandurwa kuita wakafanana nemuviri waKristu; kureva kuti, hauzooori, uchava nerubwinyo, nesimba, uye uchava wemweya uye wekudenga.(1 VaKo. 15:45-49).

# TICHAMUTSWA RINHI?

“Tarirai, ndinokuυudzai cakaυanzika: Hatiŋgaυati tose, asi ticashandurwa tose—.”
(1 VaKorinte 15:51)



Asati asarudza nguva yorumuko nezvichaitika kumiviri yedu panguva iyoyo, Pauro anoti “nyama neropa haʐiŋgagari nhaka youushe bgaMŋari” (1 VaKo. 15:50). Izvi zvinoreva here kuti hatizovi nemuviri chaiwo mushure mekumuka kubva kuvakafa?

Kuti “nyama neropa ” inogara ichishandiswa sechirevo chakafanana ne “munhu” (Mt. 16:17; VaGa. 1:16; VaEfe. 6:12; VaHeb. 2:14). Pano Pauro ari kuita muenzaniso wekuenzanisa zvinhu zviviri: vagari vepasi pano = kuora; vagari vekudenga = kusaora. Pano tine muviri unoora, uye nekudaro, hatigoni kuenda nawo kudenga..



Pakudzoka kwechipiri kwaKristu, muviri unoora uchashandurwa kuita muviri usingaore, wakafanana nemuviri waiva naJesu paakamuka kubva kuvakafa(1 VaKo. 15:51-55; Rk. 24:36-40).

Kune avo vakarara muna Jesu, zvichaita sekunge nguva pfupi ndiyo yapfuura. Munguva pfupi yapfuura vainzwa kutonhora kwerufu, asi iye zvino vava kuona Jesu achiuya(1 VaKo. 15:52).





EGW (The Faith I Live By, June 23)

**"Kumuka kwaJesu kubva kuvakafa kwaiva muenzaniso wekumuka kwekupedzisira kwevose vakarara maAri. Muviri waMuponesi mushure mekumuka Kwake, maitiro Ake, uye matauriro Ake, zvose zvaizivikanwa nevateveri Vake. Nenzira imwe cheteyo, avo vakarara muna Jesu vachamukazve. Tichaziva shamwari dzedu sezvo vadzidzi vakaziva Jesu. Kunyange zvazvo vaigona kunge vaiva nekuremara, chirwere, kana kushanduka kwechitarisiko muhupenyu huno hunofa, mumiviri yavo yakamutswa uye ine mbiri, maziviro atinovaoita achachengetedzwa zvakakwana; uye tichaziva—muzviso zvinopenya nechiedza chinobva pachiso chaJesu—zvitarisiko zveavo vatinoda." -Non-Official translation by Gift Mawoyo**